# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–16 मई 2025 भोजपुरी समाचार

रक्षा मंत्री राजनाथ सिंह आजु गुजरात के भुज वायुसेना अड्डा क दौरा कइलें। येह मौका पर सैनिकन के सम्बोधित करत उहां के अन्तर्राष्ट्रीय मुद्राकोस से अरज कइलिं की कि ऊ पाकिस्तान के दीहल जा रहल वित्तीय सहायता के बारे में दुबारा बिचार करे। रक्षा मंत्री कहलें कि अन्तर्राष्ट्रीय मुद्राकोस से मिलल वित्तीय सहायता क बड़हन हिस्सा पाकिस्तान, आतंकवादी ढ़ांचा के खड़ा कइले में लगाई।

***मैं दुनिया के लोगों के सामने ये सवाल रखना चाहता हूं कि आज के समय में पाकिस्तान को किसी भी तरह की आर्थिक सहायता टैरर फंडिंग से कम नहीं है। भारत यही चाहेगा कि आईएमएफ, पाकिस्तान को अपनी एक बिलियन डॉलर की असिस्टैंस पर वे पुनः विचार करे और आगे भी किसी भी तरह की सहायता देने से आईएमएफ परहेज करे।***

रक्षामंत्री ऑपरेसन सिंदूर में भारतीय वायुसेना के त्वरित अउर निर्णायक कार्रवाई क सराहना करत कहलें कि ई देस–बिदेस में सज्जो भारतीयन के गौरवान्वित कइले हौ।

***समस्त हिंदुस्तानियों को चाहे वो भारत के रहने वाले हों, अथवा दुनिया के दूसरे देशों में रहने वाले हों। सभी गौरवानवित हुए हैं। भारतीय वायुसेना के लिए सिर्फ 23 मिनट यह काफी हैं पाकिस्तान की सरजमीं पर पल रहे आतंक के अजगर को कुचलने की और वो आपने कर के दिखाया। यह कहना गलत नहीं होगा जितनी देर में लोग नाश्ता पानी निपटाते हैं, उतनी देर में आपने दुश्मनों को निपटा दिया।***

रक्षा मंत्री कहलें कि पूरा दुनिया भारत के वायु रक्षा प्रणालियन के ताकति अउर सटीकता के देखि लिहले हौ। हमनी क वायुसेवा पाकिस्तान के हर कोना में पहुंचले में सक्षम हौ अउर ऑपरेसन सिंदूर से ई साबितो तो चुकल बा।

**********

पाकिस्तान ऑपरेशन सिंदूर के दौरान आसमान में आपन करारी हार क सामना कइले के बादे अब भ्रामक दावा के डिजिटल जरिया से लगतारे फइला रहल हौ। भारतीय वायुसेना पाकिस्तानी वायुसेना के हमला के हर तरीका से नाकाम कइ दिहले रहल बाकिर अब ऊ खुद के आसमान क राजा बता रहल हौ। सोसल मीडिया पर कई पाकिस्तानी अकाउंट्स ब्रिटेन के अखबार द डेली टेलीग्राफ के एगो फोटो के प्रसारित कइ रहल हवें, जेहमें पाकिस्तान वायुसेना क निर्विबाद रूप से आसमान क राजा कहल जा रहल हौ। जबकि सच इ हौ कि ई फोटो ऑर्टीफिसियल इंटेलीजेंस के जरिया से बनावल गइल हौ अउर द डेली टेलीग्राफ अइसन कउनों लेख नाहीं छपले बा।

**********

ऑपरेशन सिंदूर में सेना के शौर्य के सम्मान देवे बदे भारतीय जनता पारटी के ओरि से प्रदेस के कई जिलन में भारत शौर्य तिरंगा यात्रा के आयोजन क सिलसिला चलि रहल हौ। येही क्रम में आजु प्रदेस के हमीरपुर, कुशीनगर, बदायूं, अमरोहा अउर झांसी के सथहीं कई जिलन में तिरंगा जतरा निकारल गइल। एहमें जनप्रतिनिधि अउर पारटी क पदाधिकारी लोगि प्रमुखता से हिस्सा लिहलें।

**********

प्रदेस सरकार क नगर विकास अउर ऊर्जा मंत्री ए के शर्मा आजु कुशीनगर दौरा पर पहुंचलें। येह दौरान उहां के ऑपरेसन सिंदूर के सफलता के ले के भारतीय जनता पारटी की ओरि से पड़रौना में आयोजित भारत शौर्य तिरंगा जतरा में हिस्सा लिहली। येह क्रम में श्री शर्मा कसया स्थित निराश्रित पसु आश्रय गउसाला क निरीक्षण कइलें। सथहीं जिला के सज्जो नगरीय निकायन में सौ करोड़ रूपिया से बेसी के लागति वाली करीब चारि सौ विकास परियोजनन क लोकारपण अउर सिलान्यास कइलें।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ कहले हवें कि श्रमिक अउर उद्योगपति एक दुसरे क पूरक हवें। प्रदेस क औद्योगिक प्रगति तब्बे सम्भव हौ जब श्रम कानूनन के उद्योग अउर श्रमिक दुन्नो से संतुलित बनावल जाई। मुख्यमंत्री आजु लखनऊ में श्रम अउर सेवायोजन विभाग के समीक्षा बइठकी के सम्बोधित करत रहलें। श्री योगी बइठकी में अधिकारियन के निरदेस दिहलें कि ऊ श्रम कानूनन कै येह तरियन से सरलीकरण करें, जेहसे उद्योगन के सुविधा मिले। सथहीं श्रमिकन क सोसण न भइल सुनिस्चित हो सके। मुख्यमंत्री कहलें कि हर हाथ के काम देवे बदे हमनी के उ़द्योगन के मजबूत बनावे के होई। उद्योगन क बिस्तारे ढेरि से ढेरि रोजिगार सृजन क जरिया बनि सके ला। मुख्यमंत्री दुरघटना के स्थिति में श्रमिकन अउर उनके परिवार के सुरक्षा पर जोर दिहलें अउर कहलें कि एकरे खातिर उन्हें सम्मानजनक मानदेय अउर बीमा सुरक्षा कवच दीहल जरूरी हौ। श्री योगी कहलें कि राज्य सरकार क कोसिस हौ कि उत्तर प्रदेस देस क सबसे बड़हन श्रमिक हितैसी अउर उद्योग समर्थ राज्य बनि के उभरे।

**********

गोरखपुर के सथहीं प्रदेस के करीब सज्जो पूरबी जिलन में मौसम बदले लागल हौ। कुछु जगहिनि पर बादर छावे लागल बा अउर तेज बेयारि चलि रहलि हौ, जेहसे लोगिन के गरमी से हल्लुकाहे राहति मिलल हौ।

**********